Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
# ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 81-82 (9900-9901) | 22 декабрь | Рузман | 2017 сон



**70**

*ЦохІо къо киниги, къиматаб гІумру*
*ГІадамазе кьурав, хІалтІуе кьурав,*
*Дурго бажариялъ, дурго гІакълуялъ*
*Эхеде вахарав гІалхъадерил вас!*

*ГьитІинго куцана мун комсомолалъ,*
*Хадув Компартиялъ гьавуна камил,*
*ВатІаналъе гІоло, халкъалъе гІоло -*
*Гьеб букІана девиз дур гІумруялъул!*

*Дуруслъи цІунарав, рацІцІалъи ккурав,*
*ХІакимасул къадру букІана къойил,*
*ЦІаралда хІур хъвачІев хъулухъчиясул*
*Адабги хъатирги гьабуна халкъалъ!*

*Хирияв юбиляр, баркула Дуда*
*Берцинго ракьалда тІамурал сонал,*
*Соназ борцунаро чиясул гІумру -*
*ЛъалкІал тана дуца халкъалъул рекІелъ!*

## БАРКИ!

*ХІурматияв МухІамадхІажи Баширханович! Районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул, тІолалго ракьцоязул ва дирго рахъалдаса ракІ-ракІалъ баркула дуда 70 сон тІубаялъул юбилей! ГІемерал соназ батІи-батІиял хъулухъазда хІалтІулаго, дуца мустахІикъаб бутІа лъуна гІагараб районалъул ва республикаялъул социалиябгун экономикияб ва культурияб гІумру цебетІезабиялъулъ. Кив хІалтІулев вугони-ги, дуца мунго вихьизавуна ракІбацІцІадав, бажари-ги, махщелги, лъайги бугев специалист хІисабалда. Советиял соназдаги гьал жакъасел къо-яздаги мун вукІана ва вуго хІукуматалъгун халкъалъ дудаго тІадкъараб ишалъе ритІухъав коммунист, патриот, унго-унгояв къеркьохъан. ГІемерал соназ баччана дуца нухмалъулесул бакІаб захІмат гІагараб районалъеги хириял ракьцоязеги гІоло.*

*Районалъул бетІер хІисабалда, дида бокьарасдаса лъикІ бичІчІула нухмалъулесул хинкІ бигьаяб гуреблъи. Лъала дуеги бигьаго букІинчІеблъи, гІезегІан захІмалъаби, квалквалал, квекІенал дандчІвараблъи. Амма дуца гьел къезаруна дурго хІаракаталдалъун, бажариялдалъун, рацІцІалъиялдалъун ва гІаданлъиялдалъун. 70 сон бихьинчиясе щибго гуреб жо буго, жеги гІемерал сонazги лъикІал ишазги рази гьареги дуца Болъихъ районалъул гІадамал. Сахлъиги, рохелги, ракълилаб гІумруги, рокъоб кидаго камичІеб баракатги гьарула дуеги дур хъизан-агьлуялъеги. Мун гІадал патриотал гьарзалъаги нилъер районалдаги, Дагъистаналдаги, Россиялдаги!*

**МухІамад ПатхІулаев,**
**районалъул бетІер**

*Гьудулзабазул ракIалдещвеял*

# АДАБ – ХIУРМАТАЛДА РЕХСОЛА ДУР ЦIАР

ХIурматияв МухIамадхIажи! Къабул гьаре, дур гьайбатаб гIумрудул 70 сон тIубаялда бан, дица жакъа ракI-ракIалъ



абулел баркиялъулал рагIаби. ТIолабго Дагъистаналдаго гIадин, нилъер районалдаги руго машгьурал, гьитIиназги кIудиязги адаб-хIурматалда цIар рехсолел, къадру-къимат цIикIкIарал гIадамал. Гьединазде гьоркьове тIоцеве мунги уна, МухIамадхIажи. ЦохIо нилъер районалъул гуребги, Дагъистаналъулго жамагIаталъул рес буго дудехун гьедин абизе.

Районалъул ветераназда ракIалда буго мун тIоцеве районалде вачIараб къо-Болъихъ гьоркьохъеб школалъул кIудияв пионервожатыйлъун.

Доб рикIкIадаб 1969 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан дур профессионалияб гIумру щулаго бухьараб буго гIагараб районгун, гьелъул жамагIатгун ва гIолохъанлъигун. Кинаб хъулухъалда мун вукIаниги, дуца бихьизабуна дурго кIудияб гIуцIарухъанлъиялъулаб гьунарги, гьабулеб ишалде ракI-ракIалъулаб рокьиги, ритIухълъиги, тIалабчилъигун жавабчилъиги. Жакъа районалъе щвараб цебетIеялъулъ дурги буго гIемерсоназулаб мустахIикъаб бутIа. Дуцаги тIуна гIумрудулъ гIемераб захIматалъулаб гIетI гIагараб район цебесеб къерда ва къадру-къиматалда букIинелъун.

Бахчун щай, дица кутакалда талихIаллъун рикIкIуна дуда цадахъ райкомпартиялда хIалтIулаго арал гIумрудул сонал. Диеги дуда сверухъ рукIарал дунго гIадал гIемерал интеллигенциялъул вакилзабазеги доб букIана хIалтIудехун унго-унгояб бербалагьиги, щулияб гIадлу – низамги, гьункиги, цолъиги, цоцалъ гьуинлъиги бугеб лъикIаб заман. Гьеб киналъулго хIасилалда, дуца гIакъилго нухмалъи гьабулеб, Болъихъ район Дагъистаналъул киналниги районазда гьоркьоб кидаго цебесеб къерда букIунаан. Нилъер район чанго нухалъ мустахIикълъана Дагъистаналъул ва СССРалъул чIахIи-чIахIиял шапакъатазе. РакIалда буго дуца кигIан кIудияб кIвар росдал магIишат цебетIезабиялде кьолеб букIарабали. Гьанжесеб гIел божизе батиларо доб заманалда нилъер районалъул магIишатазда 2700 бечIчIулеб гIака 40 азарго бетIер гIи-цIаназул букIанин абуни.

Гьеб букIана районалъул халкъалъул нахърателлъун. Гьеб киналдаго нахъа вукIана мун-кIудияв патриот, гIуцIарухъан ва иццул лъимгIанги вацIцIадав Инсан! ХIурматияв МухIамадхIажи, дуца кIудияб кIвар кьолаан, гьединго, лъай кьеялде, культураялде, сахлъи цIуниялде. Кьокьго абуни, мун вукIана тIалаб-агъаз бугев, унго-унголъунги районги халкъги бокьулев, бокьараб рахьалъ дудаса мисал босизе бегьулев нухмалъулев.

Изну кье дие, кьабун кверги бачун, дуда юбилей баркизе, сахлъигун рохел ва халатаб гIумру гьаризе. Дур цIар ана халкъалда гьоркьоб ритIухъго хIалтIулев хIаракатав нухмалъулев хIисабалдаги, гIаданлъи, гIадатлъи чорхолъ бессарав сабурав, гьваридав чи хIисабалдаги.

**ХIажимурад МухIамадов,**
*Шодрода росу*

# Къадруялда нахъа тараб захIматалъулаб нух

КIикъоялда анцIгогIан соналъ цебе дир мунагьал чураяв кIудияв вац ХIажилги МухIамадхIажилги ккараб лъай-хъваялдаса байбихьана нижерги ЗайнулгIабидовазулги хъизаназда гьоркьоб гьудуллъиги, гьуинлъиги. Дун жакъа гьелдаса вохаравги чIухIаравги вуго.

Эбел-инсуе вас, чIужуялъе рос, лъималазе эмен, гьудулзабазе гьудул кинав вукIине кколевилан цIехолеб бугони, дица тIоцебе мисалалъе рехселаан



М. ЗайнулгIабидовасул цIар.

Гьедин абизе дие рес кьолеб буго гьес къадруялда нахъа тараб захIматалъулаб нухдеги, гьесулъ бугеб бихьинчилъиялдеги, ияхIалдеги, иманалдеги валагьун.

Дун бахиллъула гьесул гIакълуялдаги, гIаданлъиялдаги, гIамалалдаги, сабруялдаги. Гьединаб давла БетIергьанасдаса бокьарав чиясе щолеб жо гуро.

Жакъа дие бокьун буго тIолабго нижер хъизамалъул цIаралдаса МухIамадхIажида ракI-ракIалъ баркизе гIумруялъул 70 сон тIубай.

ЦIияб соналъ гьарулеб буго гьесиеги, ПатIинаеги, кинабго гьезул гьункараб хъизан-рукъалъеги сахлъиги, талихIги, сундулъго икъбалги.

ТIад вугев Аллагьас жиндир рахIмат камун гьел киданиги тогеги!

**Расулулагь ХIАЖИЕВ,**
*Дагъистан Республикаялъул Избирательнияб Комиссиялъул аппаратальул нухмалъулев, ЧIарада район, Гьачада росу*

# НИЖЕР РОСДАЦАГО МУГЪ ЧIВАЛЕБ КЬУРУ!

Нилъер районалъул цевехъан, Дагъистаналдаго лъалев, къадру-къимат бугев чи вукIана мунагьал чураяв МухIамадтIагьир ГIабдулбасиров. Гьеле гьединавго цевехъан вуго МухIамадхIажи ЗайнулгIабидовги. Кутакалда вацIцIадав, ритIухъав, жиндирго гьунаралъ цеве арав чи вуго гьев. Жинцагоги гьабулаан хIалтIи ЗайнулгIабидовас, цогидаздасаги тIалаб гьабулаан. Нижер Гьодобери росдал жамагIаталъ, гьитIиназги чIахIиязги МухIамадхIажи кидаго рикIкIунаан ва жакъаги рикIкIуна нижерго чилъун. Гьес нижер росдадаги чIвалаан мугъ, нижецa гьесдаги чIвалаан бокьараб суалалъе. ГIадатияв, сабурав,аскIов вачIарав чиясухъ кIвар кьун гIенеккизе лъалев, гьесул мурад тIубазе хIадурав чи вукIана ва вуго М.ЗайнулгIабидов. Гьединлъидал хутIулевги вуго гьев халкъалъе хириявлъун, божаравлъун ва гIагаравлъун. ГIемерал соназ цадахъ хIалтIарал, хинкI кванарал чагIи руго дунги гьевги. Гьудулгьалмагъзабазе ритIухъав, гьездехун хиси гьечIеб ва хинаб бербалагьиялъул инсан вуго. Цониги сон гьоркьоб биччачIого, баркиялъулал саламал рачIуна гьесухъа нижер росдаде, диде ва гьединго гьудул-гьалмагъзабазде. ГIурусаз абухъе, кутакалда



скромный, гIадамазда гьоркьов вукIине лъалев чи вуго МухIамадхIажи. Аллагьас кидаго гьединавлъун хутIаги гьев. 70 сон батIаго кIудияб заман гьечIо, амма дир гьудулас нахъа тараб, лъикIал ишаздалъун ва батIи-батIиял лъугьа-бахъиназдалъун бечедаб гIумруялдалъун борцани,гIураб заман буго. Гьодобери росдал жамагIаталъул ва дирго цIаралдасан ракI-ракIалъ баркизе бокьун буго МухIамадхIажи ЗайнулгIабидовасда юбилей. Рарал соназда, юбилеязда бараб жо гуро гIумру, гьеб бараб буго чияс нахъе тарал лъалкIазда ЗайнулгIабидовасул гьел дагьал гьечIо. Сахлъиги сахал ишал гьаризе бажариги жанги гьесие!

*КъурамухIамад МухIамадгIалиев,*
**Гьодобери росу**

# ВАТІАНГИ ХАЛКЪГИ ХИРИЯВ ИНСАН

***Лъимер гьабун хадуб лъабго къо индал, гьелъие цІар кьола.***
***ЦІакъ захІмат буго цІарго гьечІеб макъала хъвазе.***
***Гьеб батуларогоги, лъаларогоги гуро, бищизеги, лъезеги, гІемер букІиналъ тІаса хъирщизеги кІоларого, вас-васдулев вуго.***
***Гьелдасанги цІикІкІун щакдари буго, комсомолалъ куцарав, Компартиялъ лъадарарав, лъималазе гурони къанагІатги гьимуларев, живго ЗайнулгІабидов рази вукІинадаян.***
***Гьай-гьай, рукІина рекІее гІоларел бакІалги дир гьаб «гьайбатаб» опусалъулъ.***
***РукІаха! Дица хъвалеб буго дидаго бихьухъе, лъавухъе, дирго, бичІчІигун, лъайгун, лъикІав инсанасул рахъалъ .***



Райкомпартиялъул тІоцевесев секретарь ЗайнулгІабидов тІоцеве дида вихьана, щивго цадахъги гьечІого, райцентралъул аслияб къотІноса гъоркьехун унев.

Гьесие саламги кьун ниж церехун рорчІидал, гьев лъалхъана ва нахъ вуссун нижеда кІалъана.

Ниж Авар театралъул артистал рукІин лъараб мехалда, гьес камураб-тараб цІехана, рега-рахъиналъе санагІалъаби гьикъана.

Театралде кьолеб билеталдасаги гьес инкар гьабуна, баркалайила, гьеб босизе рес рекъелеб батилилан.

Гьедин ккана нижер лъай-хъвай.

Хисана дуниял, биххана СССР, нухалги рикь-рикьана, цоцаде регІулеб заманги лъугІана…

Болъихъ район гІуцІаралдасан 80 сон тІубаялъул юбилеялде хІадурлъулаго, ракІалде щвезарулел рукІана, районалъе нухмалъи гьабуралги, гьединго, къадру-къимат бугелги гІадамал. Гьезда гъоркьов киназго ЗайнулгІабидовги рехсана.

Гьев вихьизе диргоги хьул букІана.

Дие хасго бокьун букІана гьасулъги лъугьараб хиса-баси бихьизе, ай хадув вахъарав, «цІияв магІаруласда» бер чІвазе.

ЦІехана гьасул хІалтІулаб бакІ, гьикъана дандчІвалеб заман.

КІалъайги сабруги добго буго, билараб цІехезе хІалакун дунги .

ДандчІвана - довго Баширхановичги, нечадго гІодов къулиги, къокъаб, чІванкъотІараб каламги! Кинабго пикруги кІварги гьасул букІана районалъул рукІа-рахъиналде, лъикІаб-квешалде, халкъалъул хІал-хІукмуялде.

ЦІиябги босичІев, басриябги гъорлъа инчІев МухІамадхІажи, жиндирго эбел-инсул гьикъулев гІадин, тІад-тІад вуссун ракьцоязул цІехолдулев вукІана.

Дица кьуна суал, рищиял щолеб заманги букІиндал, дур горда гъоркьеги рачІун, районалъул жамагІатал ахІдани, хІажат вуго, вачІа эхедеян, вачІинанищ мун.

Гьев гордухъе ана, унго-унголъунги гьесие гІалам бихьизе бокьун букІанилан ккана. Нахъе вуссинчІого, гьес гьадин абуна:

- Дун довго вуго, дунялги, гІаламги, гІамалги, хисун буго. Бажариларо…Божилъи букІана цебе, гьанже бажари цІехолеб рачунел кверал.

Кинаб тарбия, кинаб хьвада-чІвади, гІамал-хасият, гьеб малълъунги куцанги, кибниги цІакъ халат бахъараб гІакъилаб ургъиялдалъун : « Дирни къасд буго Дипломат вахъине»,- ян абуна гьитІичас.

Гьелда дун божана - букІинчІо гьениб лъимадулаб, лъугІулеб, унеб, анищ ва хьулал.

Дун божичІиланги ккун, ЗайнулгІабидовас гьесие суалал кьуна ва жавабаз диргоцин жахІда бижизабуна.

Боржунеб цІум, билълъанхъулаго лъалин абураб аваразул кициялда тІуванго тІад рекъана.

ТІурагиха дур анищал, Аваразул вукІинесев посол!

Президентлъун мун вахъиналдаги щибго щаклъи гьечІо…

Щоларого иргагун чІун йиго цойги ясалъул яс, мединститутальул студентка.

Дица ургъунго кьуна бокьулареб гІадаб суал- хьахІаб халгІат берцин бихьунищ яги щоле-толеб жо камулареб махщеланищ, тохтурлъи тІасса бищарабан.

Рачана мисалал, суал дие гьединаб кьуни, жавабги гьединабгоян абулеб гІадал.

ГІадан сах гьавиялдаса кІудияб къиматги ассги щибхадила цоги букІинеб Аллагьасда цебеги, халкъалда гъорлъги.

Гъурмадаса бихьулеб гьечІониги, «кІудада», «дедуля» жанисанго жив-живасдасан чІухІун вукІин рекІецаго бицана.

Бабуляйилан гьаракьги гьабун, гьанжелъизегІан жиндего



буго, сундуе бажариянги гьикъуларо… Батизе бегьулаха , бикъа-хъамиялъе

Дие ракІ-ракІалъ бокьула халкъ, жидерго хаслъи, жидерго хьвада-чІвади ва, гьединго, гьагаб гуреб, унго-унгояб чІухІигун бахІарчилъи бугеб.

Ана анцІила лъабго сон, битІахъе сонилан ккола доб къо.

Жакъа къамартІго, тІад пиджакцин гьечІого, живго вачІана каву рагьизе.

Кин ругел Балъхъал?

БукІинчІо гьениб ххвел, гьадинго, тІаса-масаго кьолеб суал гуроан гьеб.

Унго-унголъун район бокьулев чияс гурони гьединан гьикъуларо.

Сордо-къоялда жанив чан ракьцояв гьасухъе щолев, щивас бицунеб, бицарабгІан гІоларогунищ яги гІагараб ракьалде рокьул гІорцІунгутІийищ?!

Щвана рокъоре. ДандчІвазе рачІана тІолалго жанахІалъуре, жив-живасул хасаб дандчІвай-гьикъа-бакъари, бихьинлъималаца хІурматалда

бичун босарабги букІинчІо. Бидулъанго бачІараб, наслабалъанго жаниб лъугьараб жеги тІаде цІикІкІун гуреб тІаса камичІеб, рухІияб Маданият.

Бокьана ясалъ, Сажбикаца бицунеб магІарул мацІ. РекІее гІуна вуцІцІун чІарав, гІенеккизе лъалев «гІурччинбарщ» Баширхан -инсул цІар лъурав вукІиналъ



бищунго МухІамадхІажие вокьулев вас.

БукІинеселде кинаб пикру, анищан цІехедал, цІодорго, бербалагьи гьабичІилан, барщун вукІарав, бищунго гьитІинав игит хурхана ПатІинахІажида тІад.

__*(Ахир 4-5 гьум.)*__

# ВАТIАНГИ ХАЛКЪГИ

*(Авал 3 - гъум.)*

Жеги гIумруялъ йихьичIей гIадан, гIажаибго, гIагарлъиялъул цеесей чIужугIадан гIадин, дунгун гаргадизе, гьикъа-бакъаризе жуяна. Унго-унгояй ГIалахъейилан диеги бокьана гьелъул гьуинаб каламги камилаб



бербалагъиги.

Дунго чIун вукIана гьей ячIиналдаса хIинкъун, хехго дирго къваригIелги тIубан, тIуризе гьенисан, гьай секретарь райкомасул «Бика» йихьизе бокьичIого.

Бихьулищха пикрабаз гуккулел куц… КинабгIаги чIухIи, гIамал кIодолъи, гIадан берзукь гIунгутIи гьай гIамал берцинай магIарулалъулъ дида халлъичIо.

Шагьаралдацин гурин, гьезул росулъ, ГIалахъ гьоболлъухъ вугилан кколеб букIана дида, кинабгоги кIочон.

АнцIила щуго нухалъ борханила жинца ХIежин бицана ПатIинаца. ТIадеги жубана, жий къадар цIикIкIине гурила гьение хьвадулей, гьаб рекIеца толарила, гьение инчIого хутIани, тIолабго гIумрудул магIнаго хванин коллила.

- Кинавха рос вугев, разияй йигищ? Яги ракIалде кколищ хIакимасе инчIого, цо гIадатияв хIалтIухъанасего ун йикIрай аниян?

Цоцахъ ралагьана рос-лъади лъикIаланго мехалъ, халат бахъана руцIцIун чIей.

Гьезул щивасе бокьун букIана, жинца гуреб, цойгидас жаваб кьезе.

Лъималазул ахIи бахъана Дедуляги Бабуляги жидее наглядный мисалал ругилан. Гьазул жидерго гьуинлъи гуребги, гьанал гIагарлъиги букIун буго…

Цингиян пикру бижана дирги, дол умумулги нилъер гIантал рукIинчIин, кIиго бетIерги рекъон,ункъабго квер хIалтIани, жахIда-хIусудалдеги, хIарам-батIулдалдеги регIуларилан. ГIумруялъ гьал цоцаде чирун кIалъан ратунгутIиялда рекIелчIейгун, къокъ гьабуна хабар.

ХинкIал - мичI лъуралги, бакIвалидулги, дие хIадурарал рукIинчIониги, гьеб магIарул тIагIамги, нигIматги кидаго гьазул сурпаялда камулареблъи лъана. Гьал тIанчIазулги гьезде тIаделъи бихьун.

Рахьдал мацIги, рахьгун щвараб, росу бокьиги, район хиралъиги кинабго загьирлъулеб букIана гьазул рокьоб. Лъимелъимералъ баркана тIаде щолеб ЦIияб сон ракьцоязда, дурцазул росабиги кIочон течIо, кIиялго жидее гIагарал ругин. ПатIинахIажица баркана Авараг (с.гI.с гьавураб моцI, диналъул вацалгун яцазе ХIежалде ине кантIизарулеб вагIзагун,

ЗайнулгIабидов - ритIухъав инсан, ВатIан хирияв патриот, танкан вортун пикрабалъе ана…. ЛъугIиякьа хIинкъун хIал гIоларогун, байбихьана инсул росулъан, щвана щибаб Дагъистаналъул районалде, рарал кьоял рахана, нухал рорцана, больницабии рикIкIана, мактабал рехсана...

Гьавуна МухIамадхIажи Баширханович ЗайнулгIабидов 1947 соналъ ГIалахъ росулъ.

ГьитIинаб кьоялдасаго цIодорав, параялъ малълъараб жо босулев, кIудиязул адаб-хIурмат бугев вас вукIана гьев.

Васасул гIадлуялдасаги, кIудияв чиясул гIадаб гIакълуялдасаги, гIодове виччараб сабураб хасияталдасаги, гьай-гьай, рохун рукIана эбел ХIабсатбикаги, эмен Баширханги, мадугьаллъи-гIагарлъиги. ГьитIинав васасул тIабигIаталъго бицунеб букIана гьесул цо ярагъунев, росу-ракь чIухIарав, гIадамазе пайдаяв чи вахъине вукIин.



ГIагараб росдал школалдаса байбихьун, Буйнакскиялъу педучилищеялде, Кубаналъулаб пачалихъияб университеталде, Ростовалъул ТIадегIанаб партиялъулаб школалде щвезегIан цIалул нух нахъа тана ГIалахъа гIолохъанчияс.

Къисматалъ кив рехичIев МухIамадхIажи!

Болъихъ гьоркьохъеб школалда пионервожатыйлъиги гьабуна, Хасавюрт районалъул Шагьада росдал школалда мугIалимлъунги вукIана, комсомолалъул, партиялъул линиялдаги тана гIемерал хъулухъалъулал болъаби.

Бищунго хIалуцарал, амма ВатIаналъеги, халкъалъеги, хирияб районалъеги пайдаял рукIана М-Х! ЗайнулгIабидов ВЛКСмалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун, КПССалъул райкомалъул секретарьлъун, кIиабилеа секретарьлъун ва тIоцевесев секретарьлъун хIалтIарал сонал.

ТIоцебе жиндехунго ва хадуб цогидаздеги тIалабчилъиги жавабчилъиги цIикIкIарав нухмалъулесул тIад калам гьабизе рес гьечIеб къадруги къиматги букIана районалда.



# ХИРИЯВ ИНСАН

Бищунго аслияб жо-гьев вукIана вацIцIадав, бикъа-хъамиялде кутакаб рокьукълъи бугев,хIукуматалъул гIаммаб буголъиялде я жинцаго квер бегьуларев, я цогидал бегьизе гьукъарав хIакъикъияв коммунист. Гьединлъидал ракIбацIадал чагIазе гьев ракI-ракIалъ вокьулаан, гурелал хIинкъулаан гьесдасан.

ЗайнулгIабидовас нухмалъи гьабулеб заман халкъалда рекIелъ хутIана ракIбацIадаб гIуцIарухъанлъиялъул заман хIисабалда.

ГIемерав чияс абула, угьун хIухьелгун, пайда щибхайила гьадал хIукумат биххизе байбихьарал соназ гьев нухмалъуда хутIичIелъулилан.

ХутIун вукIаравани, колхозалги риххизеги толароанила дос, дурусльигун гIадлу-низамги букIинаанила, жеги цебе тIун, жеги тIегьан



гIагараб районги батилаанила.

Дол соназ щвана Болъихъ районалъе гIемерал шапакъаталги, байрахъалги, цIаралги. ЦебетIуна район, борхана халкъалъул яшав, щивав чиясул букIана жиндирго гIумруялдаса, щибаб кьоялъ гьабулеб ишалдаса, гIадлу-низамалдаса разилъиги рохелги.

I985-I986 соназ экономикиябгун социалияб ва культурияб гIумруялъулъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилазе гIоло районалъе щвана КПССалъул ЦКялъул, СССРалъул Министрзабазул Советалъул, ВЦСПСалъул ва ВЛКСМалъул ЦКялъул хьвадулеб БагIараб Байрахъ!

Гьеб букIана райкомалъул тIоцевесев секретарасулги гьесул гIакъилаб нухмалъиялда гьоркь лъикIал хIасилазде ишан босарал районалъул захIматчагIазулги хIаракатаб ва цадахъаб хIалтIуе хIукуматалъ кьураб тIадегIанаб къимат.

- ГIадада гIумру тIамурав инсанилан абилароан дица дидаго. Халкъалда лъикI бихьани, кьеха гьелъги къимат. Кьоял дир лъугIизегIан вахьун чIезе вуго халкъалъе хъулухъалда. РакI-ракIалъ рокьула дие нуж, ракьцоял! Нужее дунги вокьулев ватани, гьелдаса тIокIабги кIудияб шапагIатги шапакъатги кинабха диеги букIинеб?- илан абуна МухIамадхIажица нижергун букIараб накъиталда…

МухIамадхIажи Баширханович ЗайнулгIабидовас гIадада гIумру тIамичIеблъи тIоцебе гIалхъадерида лъала, хадуб балъхъадерида лъала, ахиралда тIолалго дагъистаниздаги лъала.

Районалъул нухмалъулев хIисабалдаги, Халкъияб Собраниялъул депутат хIисабалдаги, «МугIрул» Программаялъул директор хIисабалдаги районалъулгун республикаялъул экономика цебетIезабиялъе лъалеб, бихьулеб, хIакъикъияб хIалтIи



гьабуна гьес гIемерал пайдаял ишал гьаруна.

АнцI-анцI кьоял рана, нус-нус километрабазда нухал гьаруна, щив аскIов вачIаниги, гьесда квер чIвазе, бажарараб кумек-квербакъи гьабизе хIадурав вукIана ва жакъаги вуго.

ТIолабго гIакълу-лъайги, жанги -жигарги кьун гIагараб халкъалъе гьабураб гIемерсоназулаб ракIбацIадаб захIматалъухъ щварал щапакъаталги дагьал гьечIо гьесул.

«ЗахIматалъулаб тIокIлъиялъе гIоло» медаль, «ХIурматалъул гIаламат» орден, Гьудуллъиялъул орден, Дагъистан Республикаялда цере гьарурал хъулухъазе гIоло орден. ДРялъул ХIукуматалъул Грамота, ДРялъул БетIерасул рахъалдаса тIад цIар хъван кьураб рукьалда балеб сагIат –гьеле МухIамадхIажил захIматалъул хIасил.

Гьев вищун вукIана ДРялъул Верховный Советалъул ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун, I9 –абилеб партконференциялъул делегатлъун.

ГIодове виччан, сабруялда, соназул хIалбихьиялдагун хIалкIолев БетIергьанас жиндиего кьураб гIакълу-лъаялда мугъчIвайги гьабун, хIалтIулев вуго жакъа кьоялдаги свак, кIвахI гьечIев, советияб заманалъул лъадари щварав вацIцIадав гIуцIарухъан ва сахав инсан МухIамадхIажи ЗайнулгIабидов.

- Баркула тIаде щолеб ЦIияб сон, баркат-рахIматги гьаниб тун унеб батаги басриябги. Арабги какуге, бачIарабги беццуге, чIвараб магI гIадин магIарулал магIарул гIадат, гIамал, намусгун хутIи- дир аслияб мурад!-илан гьимана МухIамаджIажи.

Гьеб букIана жинцаго нахъа тараб берцинаб гIумруялдаса бугеб вохиги, разилъиги, чIухIиги...

**Адам Аварав,**
***Россиялъул Журналистазул Союзалъул член, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан***



# 70 ГІУМРУДУЛ ЛАХІЗАТАЛ 70

















Пресс- служба райадминистрации сообщает:





Джавгарат Ахмедудинова, пресс-секретарь

# СОСТОЯЛОСЬ ОЧЕРЕДНОЕ ЗАСЕДАНИЕ АТК

21 декабря 2017 года в Ботлихском районе, под руководством главы муниципального района, председателя АТК Магомеда Патхулаева прошло заседание антитеррористической комиссии в котором обсуждены вопросы обеспечения общественной безопасности в дни новогодних праздников. На заседании участвовали начальник отдела в с. Ботлих УФСБ РФ по РД Муртуз Нурмагомедов, заместитель прокурора Ботлихского района Гасан Гасанов, начальник ОМВД России по Ботлихскому району Абдуразак Абдуразаков, командир войсковой части 25908 Ян Оленин и руководители организаций.



Открывая заседание, глава района Магомед Патхулаев отметил, что во время проведения любых массовых мероприятий мы должны обеспечить безопасность наших людей. «В этом плане у нас есть достаточно большой позитивный опыт . Как и ранее, следует провести новогодние праздники на высоком уровне. Новый год – это традиционный светский праздник. Важно, чтобы во всех образовательных учреждениях прошли новогодние мероприятия. Мы не должны допускать сужение светского пространства»,-подчеркнул глава района. О конкретных направлениях проводимой работы информировал врио начальника ОМВД России по Ботлихскому району Абдуразак Абдуразаков.

По его словам уже подготовлен план мероприятий по обеспечению общественного порядка и безопасности граждан. «Весь личный состав ОМВД в период с декабря текущего года по 13 января 2018 года переводится на усиленный вариант службы, а руководящий состав отдела на круглосуточное дежурство. Все общеобразовательные и дошкольные учреждения, здания и помещения, где пройдут массовые мероприятия, будут обследованы на предмет антитеррористической и пожарно –технической безопасности. В дни проведения праздничных представлений запланировано привлечение максимального количества личного состава. Будут усилены наряды ГИБДД, в местах проведения праздничных мероприятий будут выставлены дополнительные наряды ДПС, усилен контроль за транспортом, въезжающим в район»,- завершил Абдуразак Абдуразаков.

Старший дознаватель ОНД ГУ МЧС России по РД в Ботлихском районе Гаджимурад Лабазанов отметил, что совместно с ОМВД России по Ботлихскому району ведется проверка противопожарного состояния образовательных школ и дошкольных учреждений, а также нами проведены инструктивные совещания с руководителяит объектов. Подводя итоги , Магомед Патхулаев еще раз призвал своевременно реагировать на осложнение оперативной обстановки, уделяя особое внимание вопросам пожарной безопасности и антитеррористической защищенности объектов задействованных в период проведения массовых новогодних мероприятий.





ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

БетIерав редактор

**ГI. ГIумаханов**

Отделалъул редакторал

**П. Дибирова**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***

***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

***Индекс: 368970***
***Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI***

***Телефонал:***
***Редакторасул 2-20-53***
***гIаммаб 2-20-37***

***Эл. адрес druzhba555@mail.ru***

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Тираж -550***
***Индекс-51349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ***
***Газета кьабуна 20.00***

***Заказ № _____***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ***
***№ 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***

# ИНФОРМАЦИЯ

***21.12.2017 г. Махачкала***

## Слухи о списании долгов жителей Дагестана за газ не имеют под собой оснований

Распространяемая в дагестанских социальных сетях информация о том, что долги за газ у населения будут списаны — не более чем слухи.

Руководство газоснабжающей компании категорически опровергает ложную информацию и напоминает всем потребителям газа о необходимости погасить задолженность. В Дагестане задолженность потребителей всех уровней за газ превысила 36, 6 млрд рублей. По счетам за газ необходимо платить.

В преддверии новогодних праздников компания «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к абонентам – должникам с требованием исполнения платежных обязательств и напоминает абонентам, что неоплата или неполная оплата потребленного газа в течение двух месяцев является основанием для приостановления газоснабжения.

Должникам регулярно вручаются уведомления от поставщика газа о возможном ограничении поставки газа, однако зачастую извещения игнорируются. У некоторых злостных неплательщиков сумма долга исчисляется десятками и сотнями тысяч рублей. В связи со сложившимися обстоятельствами в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» повсеместно активизирована работа по ограничению поставки газа должникам в рамках рейдовых мероприятий «Неплательщик».

**Справка:**

**В целях создания комфортных условий для обслуживания абонентов в последнем месяце года, руководством ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» принято решение изменить график работы территориальных участков и абонентских служб расположенных в городах и районах Дагестана. Согласно распоряжения, абонентские службы будут работать и принимать оплату за потребленный газ все субботы декабря месяца. Абоненты могут узнать свой долг, сверить платежи за газ и оплатить задолженность.**

ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА»

| | |
|---|---|
| Контактный телефон:<br>E-mail:<br>Веб-сайт | *8 (8722) 68-53-51*<br>*f0050130@dag.kawkazrg.ru*<br>*http://mkala-mrg.ru* |




# Колонка прокурора

**В Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях внесены изменения, предусматривающие ответственность должностных лиц заказчиков за нарушение сроков и порядка оплаты товаров (работ, услуг) по государственным и муниципальным контрактам**

Федеральным законом от 26.07.2017 № 189-ФЗ Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях дополнен статьей 7.32.5, предусматривающей ответственность в виде административного штрафа в размере от 30 до 50 тысяч рублей за нарушение должностным лицом заказчика срока и порядка оплаты товаров (работ, услуг) при осуществлении закупок для обеспечения государственных и муниципальных нужд, в том числе неисполнение обязанности по обеспечению авансирования (часть 1). За совершение указанного правонарушения должностным лицом, ранее подвергнутым административному наказанию за аналогичное правонарушение, установлена ответственность в виде дисквалификации на срок до одного года до двух лет (часть 2). Федеральный закон о внесении указанных изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях вступил в силу с 06.08.2017.

***Прокурор района, советник юстиции***
**Д.А. Джабраилов**